

# Evite epi Rapòte Fwòd Dezas

Release Date: Mas 13, 2023

**LAKE MARY, Fla.** – Dènyèman, yon sivivan te rapòte ke li te resevwa yon tèks ke "yo te dekese yon chèk gouvènman federal pou yon montan \$2800". Tèks la te bay sivivan an enstriksyon pou l vizite yon lyen epi bay enfòmasyon pèsonèl pou FEMA verifye. Sa a se yon anak. Yo ka eseye anake w pa telefòn, pa lapòs oswa imèl, tèks oswa an pèsòn. FEMA pa bay okenn asistans finansye pou yon montan \$2,800.00. Si w te aplike pou asistans pou katastwòf, FEMA ap fè w konnen desizyon li pran. Ajans lan ka kontakte w tou si li bezwen plis enfòmasyon pou trete aplikasyon w lan. Sa a ka vini nan fòm yon lèt. Nan kèk ka, ou ka resevwa yon apèl telefonik. Revize lèt FEMA ou yo ak anpil atansyon.

Ale anliy sou [DisasterAssistance.gov](#) pou kreye yon kont anliy ak FEMA. Fè anpil atansyon lè w ap klik sou nenpòt lyen.

Men yon lis lòt *anak posib* ki ka vize sivivan Siklòn lan yo:

## Vòl idantite

- Sivivan dezas yo ta dwe konnen ke anakè ak kriminèl yo ka eseye aplike pou asistans FEMA lè y ap sèvi avèk non, adrès ak nimewo Sekirite Sosyal sivivan yo ke yo te vòlè.
- Si yon enspektè FEMA vini lakay ou epi ou pokò ranpli yon aplikasyon FEMA, yo ka te itilize enfòmasyon w san w pa konnen. Di enspektè a ou pa t aplike pou asistans FEMA.
- Si ou pa t aplike pou asistans men ou resevwa yon lèt soti nan FEMA, tanpri rele Liy Èd nou an nan 800?621?3362 nenpòt jou ant 7 a.m. ak 11 p.m. ET.

Si ou kwè ou se viktim yon anak sou kontra, ogmantyon pri oswa lòt aktivite fwod, kontakte lapolis lokal epi rapòte sa bay Biwo Pwokirè Jeneral la lè w rele nan 1-866-9-NO-SCAM (1-866-966-7226) oswa vizite [myfloridalegal.com](#). Pou pote yon plent pou fwod, ale anliy sou Scam Report ([myfloridalegal.com](#)). oswa



FEMA

Page 1 of 3

kontakte Federal Trade Commission (FTC) sou [www.ftc.gov/complaint](http://www.ftc.gov/complaint).

## Apèl telefonik

- **FEMA pral kontakte ou sèlman si ou te déjà aplike pou asistans.** Si yon moun kontakte w pou mande w pou w aplike pou asistans FEMA oswa si w kesyone entansyon yon moun, kontakte ajans ki fè respekte lalwa lokal ou a.

## Enspektè Lojman ki di yo reprezante FEMA

- Fè atansyon si yon moun mande nimewo aplikasyon nèf chif ou. Yon enspektè FEMA p ap mande sa. Yo déjà genyen li nan dosye yo epi yo ka ba ou li pou yo konfime ke yo ap kominike avèk bon moun nan.
- Enspektè FEMA yo pa janm mande oswa konfime enfòmasyon bankè.
- Mande enspektè a pou l montre w badj idantifikasyon li. Anplwaye federal yo ak kontraktè yo toujou mete yon badj ofisyèl gouvènman an pou idantifye tèt yo.

## Yon moun vin lakay ou san yon pyès idantite FEMA ki gen foto

- Pa kite yon moun antre lakay ou ki di li se yon anplwaye FEMA men ki pa gen yon pyes idantite FEMA ki gen foto. Tout reprezantan FEMA gen yon pyes idantite FEMA ki gen foto ki plastifye.

## Fo òf pou èd lokal oswa federal

- Pa fè yon moun ki mande lajan konfyans. Travayè dezas federal ak lokal yo pa mande oswa aksepte lajan. FEMA ak anplwaye Small Business Administration yo pap janm fè w peye pou enspeksyon oswa èd pou ranpli yon aplikasyon pou asistans pou katastwòf.
- Pa kwè okenn moun ki pwomèt yon sibvansyon pou katastwòf epi ki mande gwo depo lajan kach oswa peman davans konplè.

## Don charitab

- Ou ka jwenn yon lis òganizasyon charitab ki gen bon repitasyon ki apwouve pa "Wise Giving Alliance" soti nan Better Business Bureau la sou [www.give.org](http://www.give.org).



**FEMA**

Page 2 of 3

## Lis lokasyon yo

- Federal Trade Commission (FTC) gen enfòmasyon sou fason anak pou lokasyon fonksyone. Pa egzanp, anakè yo konnen jwenn bon apatman an oswa lokasyon pou vakans ka difisil, epi li difisil pouw kite pase yon afè ki sanble bon lè ou bezwen yon kote pou ou rete. Aprann plis sou [www.consumer.ftc.gov/articles/0079-rental-listing-scams](http://www.consumer.ftc.gov/articles/0079-rental-listing-scams).



**FEMA**

Page 3 of 3